



COVID-19

Èske Mwen Dwe Fè Tès?

Depatman Sante Florid • FloridaHealth.gov

Si ou te tounen sot nan **NENPÒT** vwayaj aletranje oswa nan yon kwazyè nan 14 jou ki sot pase yo epi ou gen lafyè, tous oswa souf kout,



OSWA

si ou te nan kontak pwòch avèk yon moun ki te tounen resaman sot nan vwayaj aletranje oswa nan yon kwazyè epi li gen nenpòt nan sentòm yo ki endike anwo a:

- **RELE** founisè swen sante ou oswa depatman sante konte ou (County Health Department, CHD).
- **ESKANE** kòd la pou zouti rechèch CHD a.



Sentòm yo

Sentòm ki pi kouran yo pou COVID-19 se **lafyè, tous ak souf kout**. Sèten pasyan gen kò fè mal ak doulè, nen bouche, nen k ap koule, malgòj oswa dyare.



Sentòm sa yo lejè òdinèman epi yo kòmanse ofiramezi. Sèten moun vin enfekte men yo pa devlope okenn sentòm ni yo pa santi yo pa byen. Pifò moun refè nan maladi a san yo pa bezwen tretman espesyal.



Jwenn plis enfòmasyon:

tinyurl.com/FLcdcprevention

tinyurl.com/FLcovidsick

Si istwa vwayaj ou pa te mete ou nan risk, note:

Si ou te nan kontak pwòch avèk yon moun ki ka genyen oswa ki te genyen COVID-19, epi ou gen sentòm lafyè, tous oswa souf kout, oswa ou gen yon pwoblèm medikal alabaz tankou dyabèt oswa maladi kè, oswa yon istwa kansè.


Rele, pa annik ale nan CHD ou oswa kay founisè swen sante ou.

Li ENPÒTAN pou ou rele davans anvan ou ale nan CHD ou oswa kay founisè swen sante. Biwo yo dwe pran mezi apwopriye pou evite plis pwopagasyon COVID-19 lè yon pasyan ki konsène rive pou yon randevou medikal.



Kijan yo fè tès la.

Y ap pran twa echantiyon sou yon moun k ap fè tès la: nan bouch, nen ak saliv. Y ap bay CHD a echantiyon yo epi apati CHD a, y ap ekspedye oswa livre echantiyon yo nan laboratwa ki pi pre a. Rezilta tès yo disponib nan 24–48 èdtan.



E si tès mwen pozitif pou COVID-19?

- Rete lakay ou eksepte pou al pran swen medikal.
- Separe tèt ou de lòt moun ak bèt nan kay ou.
- Rele davans anvan ou ale kay doktè ou.
- Mete yon mask nan figi ou lè ou bò kote lòt moun.
- Kouvri tous ou ak etènne ou
- Netwaye men ou souvan
- Evite pataje atik pèsònèl nan kay
- Netwaye tout sifas “anpil moun manyen” yo chak jou

